



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SIPÒ APRE INONDASYON DEVASTATÈ KE SIKLÒN  
FIONA TE LAKÒZ**

*Y ap voye 100 ofisye lapolis Eta New York nan Pòtoriko pou sipòte efò sekou yo*

*Ajans yo nan Eta a, Metye Konstriksyon New York yo, biznis sektè prive ak òganizasyon kominotè yo pare pou ede pandan Pòtoriko ap sibi kondisyon tanpèt twopikal yo epi yon milyon rezidan pa gen kouran*

*Potansyèl pou inondasyon ki menase lavi ak katastwofik kontinye nan pati sid ak lès zile a nan pi move tanpèt la pou afekte Pòtoriko depi siklòn Maria an 2017.*

*Gouvènè Hochul rete an kontak avèk Gouvènè Pòtoriko, Prezidan Repiblik Dominikèn, epi li ofri tout sipò ajans yo nan eta a ak resous pou repons ijans.*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a aksyon Eta New York pou sipòte Pòtoriko apre inondasyon devastatè ak van siklòn Fiona te lakòz, pi move tanpèt ki te frape zile a depi siklòn Maria an 2017. Apre yon apèl avèk Gouvènè Pòtoriko Pedro Pierluisi, Gouvènè Hochul te mande Lapolis Eta New York pou voye 50 ofisye pou ede kenbe rezidan yo an sekirite, epi 50 Solda anplis pral deplwaye nan semèn k ap vini yo. Gouvènè a te anonse tou ke eta a t ap travay avèk Delta, JetBlue, Coca-Cola, New York State's Building Trades, Greater New York Hospital Association, ak SOMOS Community Care, kote tout te pwomèt sipò yo pou efò repons ak rekiperasyon yo. Anplis de sa, ekip yo nan Otorite Enèji New York pare pou deplwaye epi ede retabli kouran nan zile a.

"New York byen konnen enpak devastatè Manman Lanati ka pote, epi se poutèt sa nou pare pou ede moun Pòtoriko yo retabli epi rekonstwi apre tanpèt terib sa a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Frè ak sè nou yo nan Pòtoriko yo ekstrèmman rezistan men, nan moman tankou sa a, New York ap la pou ede nan nenpòt fason nou kapab, tankou nan voye pèsònèl ak resous pou ede zile a ak rezidan li yo retabli".

Repiblik Dominikèn gen siklòn Fiona ki afekte li tou, epi Gouvènè Hochul rete an kontak avèk Prezidan Repiblik Dominikèn, Luis Abinader, pou sipòte efò sekou peyi a. Gouvènè Hochul te repete tanpèt la poko fini, paske mouvman jeneral li nan nòdwès prevwa kontinye jiska aswè a, anvan li fè yon vire nan nòdès nan fen semèn sa a.

Dimanch, Prezidan Biden te deklare Siklòn Fiona se yon ijans, ki otorize FEMA pou kowòdone efò sekou pou katastwòf yo. New York pral travay pou sipòte nenpòt demann FEMA kowòdone nan jou k ap vini yo pou ede rezidan Pòtoriko yo. Delta ak JetBlue pral bay espas kagezon ak transpòte pèsonèl ijans; Greater New York Hospital Association pral bay founiti medikal; epi Coca-Cola te angaje pou bay dlo ak lòt pwovizyon. Habitat for Humanity nan Vil New York ak Konte Westchester ak State's Building Trades te angaje sipò yo tou amezi yo idantifye bezwen yo.

Pòtoriko te wè lapli tanpèt la ki totalize 12 a 20 pous, ak jiska 30 pous nan kèk zòn lokalize yo. Kantite lapli sa yo kapab pwodui inondasyon ki menase lavi ak katastwofik. Plis pase yon milyon Pòtoriken kounye a san kouran paske sistèm enfrastrikti enpòtan yo te andomaje, epi kondisyon tanpèt twopikal yo kontinye afekte zile a.

**Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta New York la (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare,** "Kè nou avèk popilasyon Pòtoriko a pandan y ap andire enpak yon lòt siklòn devastatè ankò. Gouvènè Hochul ak mwen menm ap swiv Fiona ak tout lòt enpak tanpèt la ka genyen pi lwen pase zile a. Sant Operasyon Ijans DHSES la pral kowòdone repons ajans Eta a sou teren an kòm demann adisyonèl vini soti nan FEMA ak Pòtoriko."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Pwovizwa Otorite Enèji New York la, Justin E. Driscoll, te deklare,** "NYPA kanpe avèk frè ak sè nou yo nan Pòtoriko pandan y ap reziste ak siklòn Fiona ak defi tanpèt sa a prezante. Menm jan nou te ede Pòtoriko avèk konsekans siklòn ki pase yo, jodi a nou pare pou ede reponn ak Fiona. NYPA te ede avèk rezistans ak fyabilite sistèm jesyon enèji Pòtoriko a, epi nou te ede avèk planifikasyon estratejik pou ede fè zile a rete lwen yon rezo ki depann de gaz fosil. Pandan ijans sa a ap dewoule, nou rete okouran bezwen yo epi n ap prepare resous pou ede yo jan sa nesèsè".

**Sipèrentandan Lapolis Eta New York la, Kevin P. Bruen, te deklare,** "Ofisye lapolis Eta yo toujou pare pou bay asistans lè sa nesèsè, kit se nan Eta New York oswa yon lòt kote. Nou angaje nan misyon sa a pou ede vwazen nou yo nan Pòtoriko pandan y ap retabli apre siklòn Fiona".

Depi Siklòn Maria, New York te ede Pòtoriko jwenn plizyè milya dola nan finansman federal nan men FEMA pou retabli ak rekonstwi enfrastrikti enèji zile a, anplis ke NYPA ap fè evalyasyon teknik santral elektrik ak sou-estasyon nan zile a.

An novanm 2021, Gouvènè Hochul te anonse yon [patenarya](#) pou elaji sipò devlopman solè pou Pòtoriko ak Zile Vyèj yo. Nan kad patenarya a, Eta a te founi nouvo pwogram epi ekspètiz nan zafè pèmi ak finansman ki pral sipòte devlopman endistri solè sou zile yo. Efò sa a ranfòse tou angajman long dat New York pou sipòte rekonstriksyon ak retablisman Pòtoriko apre Siklòn Irma ak Maria, epi te ede ranfòse angajman Eta New York pou asire yon rezèvwa mendèv pou enèji pwòp k ap devlope ak yon tranzisyon nan enèji pwòp ekitab.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418